

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

Dina bab ieu ditulis kacindekan jeung saran-saran panalungtikan.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana analisis data, dina bab IV, hasil panalungtikan bisa dicindekeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Motivasi murid Pasundan 8 Bandung kana mata pelajaran basa Sunda sacara umum nya éta 18,11% tafsiranana nya éta handap pisan. Ari peunteun motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda saeunggeus dikana peunteunkeun rata-rata 6,5 jadi kacindekanana, motivasi murid SMA Pasundan 8 Bandung kana mata pelajaran basa Sunda téh sedeng. Jadi murid sakuduna aktif kana rupa-rupa kagiatan anu hubunganana jeung basa Sunda. Éta téh bisa mangaruhan motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda.
- 2) Préstasi diajar murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung aya dina katégori handap pisan (18). Jadi guru dipiharep bisa terus méré informasi saloba-lobana nu nyukupan ngeunaan sagala hal nu aya hubunganana jeung basa Sunda, sarta bisa méré pangalaman diajar nu bisa ngadatangkeun rasa bungah pikeun ningkatkeun minat jeung motivasi diajar murid.
- 3) Aya hubungan anu signifikan antara motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung nu gédéna 0,991 kaasup kana kritéria korélasina nu luhur pisan. Hartina yén motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda téh ngabogaan korélasi atawa hubungan nu signifikan pikeun mangaruhan préstasi diajar murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Jeung

hasil tina hipotesis ( $H_i$ ) ditarima lamun  $t_{itung} > t_{tabé\acute{l}}$ , tina hasil itungan di luhur katitén yén  $t_{itung} = 43,754 > t_{tabé\acute{l}} = 0,316$  hartina hipotesis ditarima sarta koéfisién determinasina 98% nu kaasup luhur pisan. Guru jeung murid sakuduna bisa ningkatkeun deui motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, sabab bisa mangaruhan hadé goréngana hasil préstasi diajar basa Sunda.

## 5.2 Saran-saran

Saacan nyieun kacindekan di luhur, panalungtik méré saran nya éta :

- 1) Murid kudu bisa ngungkabkeun, mekarkeun jeung miara motivasi nu aya dina dirina, dina diajar basa Sunda. Sangkan potensina bisa kagali murid ulah bosen neuleuman élmu pangaweruh nu aya hubunganana jeung pangajaran basa Sunda.
- 2) Guru dipiharep bisa ngaronjatkeun kana diajar basa Sunda. Salah sahiji carana nya éta ku jalan méré pendekatan sacara psikologis nu mangrupa pujian, perhatian, atawa hadiah, sarta dina praktekna guru kudu rajin ngayakeun latihan soal ka murid dina pangajaran basa Sunda. Salian ti éta dina ngaronjatkeun pangajaran basa Sunda, metodé nu digunakeunana kudu variatif tur teu monoton. Hal ieu perlu diupayakeun sabab pangajaran ieu ngarojong kana ngahudangkeun motivasi murid.
- 3) Guru jeung murid sakuduna bisa ningkatkeun deui motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, sabab hal ieu bisa mangaruhan kana hade goréngna hasil préstasi diajar basa Sunda.
- 4) Panalungtik ieu dipiharep jadi bisa jadi panaratas jalan pikeun kagiatan panalungtikan anu saterusna. Lantaran instrumén nu dipaké masih can ideal. Ku kituna calon panalungtik anyar dipiharep pikeunmekarkun deui instrumen

panaluntikanana. Sarta panalungtik anyar dipiharep ogé sangkan ngabandingkeun patalina antara motivasi jeung prestasi diajar basa Sunda dikaitkeun jeung motivasi murid SMA nu wengkuananan leuwih lega.

